ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№234 (21.392) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 5, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ льапІэр Джение А.Ч. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ Абхъаз Республикэмрэ яку дэлъ щэнхабз эзэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэныкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ льапІэр фІэщым **Джение Адгур Чинчор и къуэм** - Чанбэ Самсон и цІэр зезыхь Абхъаз къэрал драмэ театрым и артистым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м №126-УП

Мэрщэн М. Хь. фІыщІэ хуэщІыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м №84-РП

Властым и органхэм илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыщыдажьэм икІи жылагьуэ Іуэхуэм жыдаджу зэрыхэтым папщІэ фІыщІэ хуэщІын **Мэрщэн Мэчрэйл Хьэмац и къуэм**.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къурмэн махуэм дылажьэркъым

КЪУРМЭН махуэщхуэм и щІыхькІэ дыгъэгъазэм и 8-р щымылажьэ махуэу Къэбэрдей-Балькъэрым щагъэуващ. Республикэм и Мусылъмэнхэм я Іуэхущ1апІэм зэрызыкъыхуигъэзам тету, абы теухуа Указ къыдигъэкІащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен *(епІэ 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къыдэкІа «Адыгэ псалъэм»)*.

А махуэшхуэр псапэ щІэным, гущІэгъуэм, гупагъэмрэ тэмакъкІыхьагъымрэ яхуэгъэпсащ. Исльам диным къызэригъэувым тету, зыхуэзфІэкІэхэм яукІ къурмэныр къулейсызхэм, благъэхэм, гъунэгъуэхэм хуагъэшІ.

Налшык дэт мэжджытым Къурмэн махуэм жумэ нэмэз щащІынущ, сэдэкъэ щагъэшынущ.

Хьэгъэс Залымджэрий и жэрдэм

● Нобэ

Нобэ йокІуэкІ Къэбэрдей-Балькъэрым и къалащхьэр гъэкъбэзэным, зэщІэкъуэным хуэгъэза дэжьыгъэхэр. Ар къыдэгащэщащ Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Хьэгъэс Залымджэрий и жэрдэмкІэ.

ЩІыхьэхущхуэм хэтщ къалэ администрацэм и лэжьакІуэхэр. Абыхэм гъусэ зыхуащІащ предприятэ, организацэ куэдым щыщхэм, къалэдэсхэм.

Дыгъуасэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир занщІэу эфырым кІуэуэ къыщыпсалъэм абы зыпрыщІэхэм ящыщІ Пекин щекІуэкІа Олимпиадэм и дыщэ медалыр къэзыхьа бэнакІуэ Хьущт Аслъэнбэч, школакІуэхэу Сурабаев Идрис, Хуламханов Чэрим сымэ.

ПУТИН Владимир: Іуащхьэмахуэ лъапэ щІыпІэ хьэлэмэтщ!

Эфир занщІэм Путин Владимир щопсальэ.

КЪЭРАЛЫМ и Правительствэм и Унафэщым и къэгъэсэн-ныгъэм хэтыныгъэр Налшык къалэм Спортымкіэ и унящхуэм щыІэхэуэсат. «Урысей» телеканалым и корреспондент Канавин Илья я пашэу спортсменхэр, тренерхэр, спортым и ветеранхэр бэнакІуэ зэрыщІэтыгъэм тетуи, абы теухуа Указ кІыдигъэкІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и спорт школ нэхъ лъэщ дыдэхэм яущыщым. Мыбы гуп куэд щагъэсэ ижи дэтхэнэзэмэ, игу зэрырихьыІэ, альидж-юрым бэнэкІэр, бэнэжъ хуитыр, дзюдо е карате бэнэжъэхэр кІыхьэ хьунущ. Мыпхуэдэ школхэрэщ чемпионхэм я гъэгуанэр кІыщІежьэр. ИльэсипщІ куэд льандэрэ Кавказ Ищхъэрэм и бэнакІуэхэм Урысейм и щІыхьыр щаІэт зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыІуэхэм».

Адэкіэ корреспондентым жиІащ кІыхьэхуэсахэм Олимпиадэм альидж-урым бэнэжъмэкІэ и чемпион Хьущт Аслъэнбэчырэ штангэмкІэ жэз медальр къэзыхьа Аккаев Хьэжмуратрэ зэрахэтыр.

Канавин Илья зэрыжиІамкІэ, абы хуэзфІэкІакъым Хьущт Аслъэнбэч псалъэ иримыту. Путин Владимир сэлам иригъэ, спортсменым абы жриІащ езыр «Зыуэ щыт Урысей» партым зэрыхэхьэтыр. Абы и упщІэр тучуагъэ спортсменхэм я щІэблэхэр кІыхьэрыІэжьІкІыІуэм, абыхэм я гугъу пщІымэ, - жиІащ Хьущт Аслъэнбэч, - дэ ящукъ ильэсхэм кІэрэлым зыкІэзэрытщІигъакІуэр зыхьдощІэ. Ауэ дэ дегъэпІейтей спортсмен нЫбжьыщІэхэр дятэкІэ зэрагъэхьэзырыпхэм. Абы папщІэ МурадыфІхэр уиІэн кІуедыр мащІэщ».

Путин Владимир абы и жуэпу къыхигъэщащ 90 гъэхэм я пэщІэдзэкІэ сабий-нЫбжьыщІэ спорт школхэм я Іуэхур зэкІэлъымыкІуэ зэрыхьуар: «А зэманым тренеру лэжьакъэм ящыщ куэд Іэнатіэм Іукіыжащ. Апхуэдэ хэщІыныгъэр иджы иригъэкІуэжын хуейщ. Иужь ильэсхэм абы хуэунэтІуа лэжьакІуэ гъэзэкІэр екІуэкІащ. Ауэ, кІыхьэрыщІэхэмкІэ, зэфІэдгъэкІахэр икІуэкІэ мащІэщ. Иджы дэ зэпымыуэ щІэдгъэхуэбжьэнущ мы Іэнатіэм дэ Іэнэмкъуныр». Къэпщтэмэ, щІэздзауэ зэгъэдогъуэвэж «Дыщэ щайбэ», «Фэ топ» спорт лэжьыгъэ инхэр. Кьуажэ щалэгъуаІэм я зэхьэзэхуэхэр, уеблэмэ щалэгъуаІэм я урысейпсо спорт зэпеуэхэр иригъэкІуэкІыщ щІадзэжащ. Сэ си щхьэкІэ апхуэдэ зы зэхьэзэхуэм срихьэлІащ.

Правительствэм и Унафэщым зэрыжиІамкІэ, дятэкІэ егугъуныщ тренер Іэщагъэм и пщІэр. Ауэ, ящыщ Іуэхущ1ам, Абы кьыдэжьу зэрыпрыныжьыкІэ къэралым ахьшэр хуриІуну?».

Абы и нЫбжьэгъу Хуламханов Чэрим щІэупущащ Путин Владимир Іуащхьэмахуэ лъапэ кІыхьэрыщхьэм: «Дэ дызэбэн къудей-кІым, атІэ льыжжІэ, сноубордкІэ кьыдожьхьэ».

«Сэ сыщыгъуазэщ фи щІыналъэм льыжкІэ кІыщІабжькІэ зэрыхэуну, - жуаІэ къэрытыжащ абы Путин Владимир. - Сэ Къэбэрдей-Балькъэрым кІуэдрэ сыщыщащ, Чегет, Іуащхьэмахуэ бгыхъэм кІыщІэжькІыщ. Ахэр щІыпІэ гъуэгуэжьэщ! Абыхэм щІыпІэ курортхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІащ лэжьыпхъэхэр ма-ралхэм ядэІэпыкъуу, хуауэ тІыпщІынущ евро мелуан 350-рэ. А ахъшэр трагъэкІуэдэн хуейщ сату щхуэхуитыр кІыдзэгъэпщынем, энергетикэ и лъэныкъуэкІэ зэдэлэжьэным, къэрал гуэнапкъэхэмрэ социальнэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я щытыкІэр егъэфІэкІуэным.

● Дыгъуасэ

щІэкъым, ауэ езы щІыналъэм Іэмал хьэмэтхэр щыІэщ.

Премьер-министрым кІыхьгъэщхьэхуэкІащ Олимпиадэр егъэкІуэжьынымкІэ унафэр политикэм я пщІэ щыдмытыр, ар Олимпиадэм и Дунейпсо комитетым кІыхьэрищтэр: «Абы и лэжьыгъэр блэкІа ильэсипщІэмэ хуэдэу, политикэ Іуэхуэхэм хуимыгъакІуэу, дяпэкІи иригъэкІуэжьыну дыщогугъ. Кьухьэпі я къэрал щхьэхуэхэм щыщ политикэхэр Осетие Ищхъэрэм и бий лъытажэ зауэр кьэзэгъэхьея Курджым и унафэщІхэм ящыщу езыхэм я Іуэмтым итхэм къащхьэщыжьну хущІэжьу щхьэкІэ, дуней псом хуиІуэтэжкІэ нэхъ нАуэ къащІагурыІуэныщ а зауэр кьыдэрыхъеямкІэ кьуанщэр Курджым и иджырей унафэщІхэр арауэ эзрыщытыр. Абы кьыдэхьІыу сэ слъагурэкъым Олимп зэхьэзэхуэхэр 2014 гъэм Сочи къалэм кьыщызэгъэпэщыным теуха упчІэм Олимпиадэм и Дунейпсо комитетым щІыхэпІэжьым щхьэусыгъуэ щыІэу».

Олимпиадэм зыхуэзгъэхьэзырыным хухах ахьшэм и гугъу щинщым Путин Владимир жиІащ дяпэкІи зэрамыгъэмэщІэнур: «Абы и лъэныкъуэкІэ аргуэру зэ фигу кьэзгъэкІыжьыну сыхуейщ ахьшэм и нэхъыбапІэр зытенъуэдэнур Олимп зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІыну спорт ухуэнныгъэхэр зэрыгъэмырыр. Ар нэхъыбэу кьалэхэсэбэныщ Кубанэр Сочи къалэмрэ щыпсэухэм я мызакъуэу, Урысей Федерацэм и щІыналъэ зэмылІэужьыкІыгъуэхэм кьиныу гъэмахуэми щІымахуэми зыгъэпсэхуакІэ кьакІуэхэр зыхуеину инфраструктурэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ».

Фигу кьэдгъэжьыжьыну Путин Владимир занщІэу эфырым кІуэуэ Урысейм и щІыхэхэм кІыхьгъэщ Грузиер, Украинэм, Азербайджаным, Армением, Белоруссием, Молдавием демократиемрэ рынок зэхуэкІыныгъэхэмрэ зыщІегъужьыныжьмкІэ программэщІэ.

А программэм ипкъ иткІэ, Совет республикэу щыта къ-ралым ядэІэпыкъуу, хуауэ тІыпщІынущ евро мелуан 350-рэ. А ахъшэр трагъэкІуэдэн хуейщ сату щхуэхуитыр кІыдзэгъэпщынем, энергетикэ и лъэныкъуэкІэ зэдэлэжьэным, къэрал гуэнапкъэхэмрэ социальнэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я щытыкІэр егъэфІэкІуэным.

Инфляцэм хохуэ

Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Набиуллиев Эльвирэ зэрыжиІэмкІэ, мы гъэм ди къэралым инфляцэм щыгъэхьэхуэнущ процент 13,5-кІэ.

Абы кьыздрибжамкІэ, иужьрей тхьэмахуэм щыІа инфляцэр процент 0,2-рэ мэхъу, иужьрей мазэм уасэхэм хэхъуащ процент 0,896-кІэ.

«Ахэр бжьыгъэщхуэщ, дэ сыт хуэдэ Іэмалри кьэдгъэзэбэным хуеящ, инфляцэр дгъэмащІэн папщІэ», - жиІащ министрым.

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий унафэ ящІащ макроэкономикэм и сыт хуэдэ щытыкІэми гулыитэ хэха хуащІыну. «Дэ ІэмалыфІхэр диІэщ инфляцэр зэтетІыгъэнуи, абы зэпымыуэу дытелэжьэн хуейщ», - жиІащ Президентым.

Ахьшэ хьэмапІэхэр зэгуохьэ

МДМ, Урса ахьшэ хьэмапІэхэр зэгуохьэ, зэхуэдэрэ зыуэ абыхэм зэхэлъхьэ мылькур сом мелард 72-р мохьу.

УнафэщІхэм я Советым и Председатель, Урса банкыр зейхэм ящыщКим Игорэ МДМ банкым и унафэщІхэм я Советым и Председателым и къуэдэ Попов Сергейрэ яІэщІэльынущ зэгуохьа банкхэм я акцэхэм я процент 65-р. Ахьшэ хьэмапІитІыр щІы-зэгуохьам иІэр зы щхьэусыгъуэщ - Урысеим щыІэ уней банкхэм ящыщу нэхъ льэщІэхэр, нэхъ кІуэлІэр кьыдэгъэпэщуагъэ аращ.

Евросоюзым и мылькукІэ

Еврокомиссэм и унафэщІ Баррозу Мануэль Жозе зэрыжиІамкІэ, Евросоюзым кьихилъхьащ Грузиер, Украинэм, Азербайджаным, Армением, Белоруссием, Молдавием демократиемрэ рынок зэхуэкІыныгъэхэмрэ зыщІегъужьыныжьмкІэ программэщІэ.

Зэдэлэжьэн щІадзэж

Урысей - НАТО Советым и лэжьыгъэм посолхэм я деж щыщІидзэжми хьуну кьалъыту.

Урысей Федерацэм и лІыкІуэу НАТО-м щыІэ Рогозин Дмитрий зэрыжиІэмкІэ, ди къэралыр хуэхьэзырщ НАТО-м дригъэкІуэкІыу щыта дзжьыгъэм пищэжьну. УФ - НАТО Советым кьалэн зыщищІыжьауэ щыта Іуэхугъуэхэм кьитІасэу. ЗэрытщІэжьщи, Урысеймрэ НАТОмрэ я зэхущытыкІэхэр къэтІэхьат, мыгъэм щыщхьэщІэн и 8-м Курджыр Осетие Ипщэм теуа иэхъ. Иджы Урысеймрэ хуІа зэхущытыкІэхэр кьигъэщІэрэщІэжьну НАТО-м мурад зэрэщІар и щыхьэтщ Курджымрэ Украинэмрэ альянсым хагъэхьэн мурад лъэпкъ зэрыщымыІэм.

(ИТАР-ТАСС).

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Зэрагъэшэрыцэм кІэлъоплъ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм-рэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо эзэпеуэм я зы Іыхьэщ иджыблагъэ Кэнжэ курыт еджапІэ №20-м щекІуэкІар.

АБы НЫБЖЬЫЩІЭХЭР щызэпеуащ Щоджэнщ1ыкІу Алий и творчествэр, и Іэдакъэщ1кІэр зэращІэмкІэ, уСэхэм гъэхуауэ кьеджащ. Зэхьэзэхуэр кьыз1эуІихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и Іэщ1агъэ1 нэхъыщІэхэр Балэ Людмилэ.

Анэдэлъхубзэр екІуу зэрагъэшэрыуэрщ, адыгэ лъэпкым и тхакІуэ, усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр фІыуэ зэращІэрщ а махуэм еджакІуэхэм я гъэлъэгъуар. Ныбжьыщ1эхэм я Іурыльтэ бзэ дахэм кІэльыпльа, я щІэныгъэр здынэсыр кьэзыхута кІэльыпльакІуэхэм щыкІуэхэм я зэфІэкІыр мыпхуэдэу я гъэбелджылащ.

Ипэ зэ ушыпІэр хуагъэфэщащ Псынабэ курыт школым и еджакІуэ Жылэ Арсенрэ Урожайнэ курыт еджапІэм щІэс Бэлэтокъуэ Алинэрэ. ЕтІуанэр зэдагъэщащ Хьэмгъуокьу Саниятрэ (Налшык, курыт школ № 20), Хамыкьуэ Мухьэмэдрэ (Налшык, курыт школ№4), ещанэ ушыпІэр кьахьащ Мэргъущ Залинэрэ (Кьарацэхьэблэ, курыт школ №1) Сунщ Алинэрэ (Нарткьалэ, лицей№1).

Зэпеуэм и зэхэлыкІэр щыкІуэхэм нэхъ щІэщыгъуэ щ1ыхьэм папщІэ лІэужьыгъуэ зэхагъэуват. Абыхэм я актер Іэзэгъэр щагъэльэгъуащ театр теплъэгъуэхэм. Апхуэдэу а уняныныгъэм пашэ щыхьэщ Кумыщхэ Алинэрэ Лянэрэ (Налшык, курыт школ №11) етІуанэ ушыпІэр ираташ Сонэ Батырэ НакІэ Динарэрэ (Дей курыт еджапІэ).

«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм сыт щыгъуэ гъэшІэгъуэну кьыщагъэльагъуэхэм я щІыщІ мыадыгэ сабийхэм адыгэбзэр зэрызрагъащІэр. Мызыгъуэгуми апхуэдэ хьэлэмэтать хальхьащ зэхьэзэхуэм. Щоджэнщ1ыкІу Алий и уСэхэм адыгэбзэкІэ кьеджа Монич Индирэрэ (Псынабэ курыт еджапІэ) Безугловэ Регинэрэ (Налшык, курыт школ №11) ягу ирихьащ ещ1ыпІакІуэхэм.

Щоджэнщ1ыкІу и усэхэу урысыбзэкІэ дунейм кьытехьахэм кьеджахэм я деж текІуэныгъэ кьыщахьащ Тырныауэ дэт 6-нэ курыт еджапІэм щІэс Балоевэ Камилэ, етІуанэ ушыпІэр хуагъэфэщащ Кьэрэгъэщ 2-нэ курыт еджапІэм щІэс ЛЬэнкІэпІащэ Иринэ, ещанэр кьихьащ Псынщокъу курыт школым и еджакІуэ Тхъэкьуахьуэ Олеся.

Абыхэм я зэфІэкІыр кьапщІащ 11-нэ курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и дзжьакІэ Бекъан Масирэт, Егъэджэныгъэмкіэ Іуащхьэмахуэ район кьудамэм и методист Жэмыхьуэ Рае, Кэнжэ дэт 20-нэ курыт школым и унафэщІм и кьуэдэ Хьэщ1ыкІуэт Замирэт сымэ.

ЭЩІЭПІДЖЭ Замирэ.

● Ехъуліэныгъэ

Машинэр нэхъыфІу зезыгъакІуэ пщащэ

ГИБДД-р и дэІэпыкъуэгъуу «Студия А»-м иригъэкІуэкІа «Автоледи-2008» зэпеуэм кьрикІуэхэр КъБР-м и МВД-м щыІэхэта зэІуащІэм кьыщащІыгъажащ.

Машинэ зезыгъакІуэ щІыхьбзэм папщІэ 2006 гъэ льандэрэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр кьызэрагъэпэщ. Мыгъэрей зэпеуэм бжьыпэр щиуфыдащ республикэм и банкхэм ящыщ щ1ым секретарь-референту щылажьэ Пщыгъуэ Еленэ.

ЗэІущІэм хтахэм ІигуагъэщхуэІэту «ГИБДД-м иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьызэрыщыщхэжьаКІэм папщІэ» дамыгъэм и етІуанэ нагъыщэмрэ удз гъэгъа Іэрамэ дахэмрэ пщащэм иритащ КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министр Томчак Юрий.

КЪЫЛЫШБИЙ Казбек.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Лъэпкъыр къэзыхъумэ лъапІэныгъэ

Сыт щыІэ анэр кьызэропсалъэ бзэм нэхъ ІофІэр нэхъ дахэрэ, нэхъ умыужьыгъуэр нэхъ щхьэусыгъуэ? А упщІэм жэуап хуэхъу Іуэхугъуэхэм ящыщ зыуэщ «Адыгэ псалъэ» газетыр кьызэрыщыхьур. Сытым темытхьыным, абы и псалъэр купщІафІэщ, и къэхъыбар бгъуфІэщ. И теплъэрацщ, мазэ кьэс нэхъ дахэ, щІэныгъуэ мэхъу, сурэт гъэщІэгъуэнэкІи кьуелейщ. Сэ кьызэрыщыхьэмкІэ, дэтхэнэ щІэджыдакІуэми, и пыбжьым емыгъэтауэ, дерс кьызыхихьи тхыгъэ куэд кьытохуэ «Адыгэ псалъэм».



СЭ СИ Іэщ1агъэри кьыгуэхьпІэ имыІэу епхащ адыгэбзэм; Щоджэнщ1ыкІу Алий и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым сыщолажьэ, Гъуазджэкъмкіэ Кавказ Ищхъэрэ кьрэал институтым и актер кафедрэр си Іэмыщ1э итьщ, адыгэ студием щеджэ нЫбжьыщІэхэр иэзгъаджэ. Іэнатіэтіым дежи сэ уха6жьу кьыщысхуощхьэпэ «Адыгэ псалъэ» газетыр. Дунейпсо щхьэбзэ ящыбарыщІэхэмри ди республикэм гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ епхауэ щекІуэкІ Іуэхугъуэхэмри абы сыщегъэгъуазэ. Ди тхакІуэ щІэрыІуэхэми тхэн щІэзыдзэгъащІэхэми я Іэдакъэщ1экІэхэр кьыщыстехуэкІэ, зэпкърыхауэ делэжьыныкІэ дэІэпыкъуэгъу хьарзынэ кьытхуохьу.

Сыкъуэгт ди республикэм адыгэбзэкІэ кьыщыдэкІ газет закъуэр нэхъри ефІэкІуэну, и щІэджыкІакІуэхэр я бжыгъэм хэхъуну, илъэс 80-м щІигъуауэ ди лъэпкъым кьыдекІуэкІ, ди нэхъыжьхэм я Іэпэгъу газетыр щІалэгъуалэми гъуэгутІэльагъуэ яхуэхъуну.

БАЛЪКЪЭР Тамарэ,
КъШР-м щІыхь зиІэ и артистэ.

Дыгъуэгъазэм и 5-м

Шэм нэхърэ бзэр нэхъ жэрщ.

Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ

АДЫГЕЙ ***УФ-м Къэрал статистикэмкІэ и федерал Іуэхущ1апІэм кьыщэритамкІэ, ды зэрыт ильэсым къриубыдэу Адыгейм лэжьапІэнщэхэм я бжыгъэр мини 5,2-рэ е процент 28,4-кІэ нэхъ мащІэ щыхьуащ.***

САТУМ сом мелард 21-м нэблагъэ хэхъуэу къахуихьащ. Ар процент 41,8-кІэ нэхъыбэщ, нэгъабзэрей бжьыгъэхэм ельытауэ. ШхапІэхэм, цІыхухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэм къапэкІуэр процент 74,7-кІэ хэхъуащ.

Республикэм щащІэн щыІэкъым

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президент Бгъэпэщ Сергей иджыблагъэ журналистхэм зэражриІамкІэ, Евросоюзым и кІэлъыплъакІуэхэм Абхъазым щащІэн щыІэкъым.***

БЭГЪЭПЩ Сергей Іуэхум зэрепльамкІэ, Евросоюзым и кІэлъыплъакІуэхэм къагъэнэн хуейщ щыІэ хабзэр кьызэпауду щІынальэм зыхьэн мурадыр. Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитриирэ Франджым и унафэщІ Саркози Николяирэ я зэгурыІуэныгъэм икІи иткІэ, аварэ здащыІэну нутыр Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я гъунапкъэхэм кьедзыІІа щІыпІэхэрщ. ЗыгурэкІэ Абхъазым кьэкІуэну гукъыдэж ящІмэ, республикэм Нэгъуащ1 Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм хьыбар иратащІэн хуейщ икІи иужьрейм нафэ кьыщІэтащ.

Бэгъэпщ Сергей зэрыжиІамкІэ, Евросоюзым и кІэлъыплъакІуэхэм республикэр кьыщІапщытэн щІэжьэным, абыхэм я нэІэ щІэтэн хуейр зауэ щынагъуэ къызыбгъэдэкІ Курджыщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Ехъуліэныгъэ

Машинэр нэхъыфІу зезыгъакІуэ пщащэ

ГИБДД-р и дэІэпыкъуэгъуу «Студия А»-м иригъэкІуэкІа «Автоледи-2008» зэпеуэм кьрикІуэхэр КъБР-м и МВД-м щыІэхэта зэІущІэм кьыщащІыгъажащ.

Машинэ зезыгъакІуэ щІыхьбзэм папщІэ 2006 гъэ льандэрэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр кьызэрагъэпэщ. Мыгъэрей зэпеуэм бжьыпэр щиуфыдащ республикэм и банкхэм ящыщ щ1ым секретарь-референту щылажьэ Пщыгъуэ Еленэ.

ЗэІущІэм хтахэм ІигуагъэщхуэІэту «ГИБДД-м иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьызэрыщыщхэжьаКІэм папщІэ» дамыгъэм и етІуанэ нагъыщэмрэ удз гъэгъа Іэрамэ дахэмрэ пщащэм иритащ КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министр Томчак Юрий.

КЪЫЛЫШБИЙ Казбек.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Зэрагъэшэрыцэм кІэлъоплъ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм-рэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо эзэпеуэм я зы Іыхьэщ иджыблагъэ Кэнжэ курыт еджапІэ №20-м щекІуэкІар.

АБы НЫБЖЬЫЩІЭХЭР щызэпеуащ Щоджэнщ1ыкІу Алий и творчествэр, и Іэдакъэщ1кІэр зэращІэмкІэ, уСэхэм гъэхуауэ кьеджащ. Зэхьэзэхуэр кьызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и Іэщ1агъэ1 нэхъыщІэхэр Балэ Людмилэ.

Анэдэлъхубзэр екІуу зэрагъэшэрыуэрщ, адыгэ лъэпкым и тхакІуэ, усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр фІыуэ зэращІэрщ а махуэм еджакІуэхэм я гъэлъэгъуар. Ныбжьыщ1эхэм я Іурыльтэ бзэ дахэм кІэльыпльа, я щІэныгъэр здынэсыр кьэзыхута кІэльыпльакІуэхэм щыкІуэхэм я зэфІэкІыр мыпхуэдэу я гъэбелджылащ.

Ипэ зэ ушыпІэр хуагъэфэщащ Псынабэ курыт школым и еджакІуэ Жылэ Арсенрэ Урожайнэ курыт еджапІэм щІэс Бэлэтокъуэ Алинэрэ. ЕтІуанэр зэдагъэщащ Хьэмгъуокьу Саниятрэ (Налшык, курыт школ № 20), Хамыкьуэ Мухьэмэдрэ (Налшык, курыт школ№4), ещанэ ушыпІэр кьахьащ Мэргъущ Залинэрэ (Кьарацэхьэблэ, курыт школ №1) Сунщ Алинэрэ (Нарткьалэ, лицей№1).

Зэпеуэм и зэхэлыкІэр щыкІуэхэм нэхъ щІэщыгъуэ щ1ыхьэм папщІэ лІэужьыгъуэ зэхагъэуват. Абыхэм я актер Іэзэгъэр щагъэльэгъуащ театр теплъэгъуэхэм. Апхуэдэу а уняныныгъэм пашэ щыхьэщ Кумыщхэ Алинэрэ Лянэрэ (Налшык, курыт школ №11) етІуанэ ушыпІэр ираташ Сонэ Батырэ НакІэ Динарэрэ (Дей курыт еджапІэ).

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Зэрагъэшэрыцэм кІэлъоплъ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм-рэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо эзэпеуэм я зы Іыхьэщ иджыблагъэ Кэнжэ курыт еджапІэ №20-м щекІуэкІар.

АБы НЫБЖЬЫЩІЭХЭР щызэпеуащ Щоджэнщ1ыкІу Алий и творчествэр, и Іэдакъэщ1кІэр зэращІэмкІэ, уСэхэм гъэхуауэ кьеджащ. Зэхьэзэхуэр кьызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и Іэщ1агъэ1 нэхъыщІэхэр Балэ Людмилэ.

Анэдэлъхубзэр екІуу зэрагъэшэрыуэрщ, адыгэ лъэпкым и тхакІуэ, усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр фІыуэ зэращІэрщ а махуэм еджакІуэхэм я гъэлъэгъуар. Ныбжьыщ1эхэм я Іурыльтэ бзэ дахэм кІэльыпльа, я щІэныгъэр здынэсыр кьэзыхута кІэльыпльакІуэхэм щыкІуэхэм я зэфІэкІыр мыпхуэдэу я гъэбелджылащ.

Ипэ зэ ушыпІэр хуагъэфэщащ Псынабэ курыт школым и еджакІуэ Жылэ Арсенрэ Урожайнэ курыт еджапІэм щІэс Бэлэтокъуэ Алинэрэ. ЕтІуанэр зэдагъэщащ Хьэмгъуокьу Саниятрэ (Налшык, курыт школ № 20), Хамыкьуэ Мухьэмэдрэ (Налшык, курыт школ№4), ещанэ ушыпІэр кьахьащ Мэргъущ Залинэрэ (Кьарацэхьэблэ, курыт школ №1) Сунщ Алинэрэ (Нарткьалэ, лицей№1).

Зэпеуэм и зэхэлыкІэр щыкІуэхэм нэхъ щІэщыгъуэ щ1ыхьэм папщІэ лІэужьыгъуэ зэхагъэуват. Абыхэм я актер Іэзэгъэр щагъэльэгъуащ театр теплъэгъуэхэм. Апхуэдэу а уняныныгъэм пашэ щыхьэщ Кумыщхэ Алинэрэ Лянэрэ (Налшык, курыт школ №11) етІуанэ ушыпІэр ираташ Сонэ Батырэ НакІэ Динарэрэ (Дей курыт еджапІэ).

ЩІэблэр гъэсэныкІэ я щІэгъэкъуэнщ

● Щэнхабзэ

Гъуазджэкъмкіэ еджапІэ Аруан къуажэм дэтым илъэси 7 - 12 зи нЫбжьхэр щагъасэ. ЕджапІэм къекІуэлІэ щ1ыкІуэхэм работ зэхьэзэхуэхэм фІы дыдэу зыкъыщагъэтъагъуэ.

ЕДЖАПІЭМ и унафэщІ Хьэщ1ыкІу Ритэ зэрыжиІэмкІэ, илъэс 16 хьуауэ зи бжэр зэІуха Іуэхущ1апІэм адыгэ пшынэм, пианинэм суэныр, къэзыхьэрыгъасэ. Езыгъаджэхэр сабийхэр фІыуэ зыгъагъуу, зи Іэщ1агъэм хуэІэижь защІэхэщ. ЕджапІэм щ1ыІэ сабийхэм я адэ-анэхэр, Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэхэр хэту мыбы зэхьэхьэ гъэщ1эгъэнэхэр щрагъэкІуэкІ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Лъэпкъыр къэзыхъумэ лъапІэныгъэ

Сыт щыІэ анэр кьызэропсалъэ бзэм нэхъ ІофІэр нэхъ дахэрэ, нэхъ умыужьыгъуэр нэхъ щхьэусыгъуэ? А упщІэм жэуап хуэхъу Іуэхугъуэхэм ящыщ зыуэщ «Адыгэ псалъэ» газетыр кьызэрыщыхьур. Сытым темытхьыным, абы и псалъэр купщІафІэщ, и къэхъыбар бгъуфІэщ. И теплъэрацщ, мазэ кьэс нэхъ дахэ, щІэныгъуэ мэхъу, сурэт гъэщІэгъуэнэкІи кьуелейщ. Сэ кьызэрыщыхьэмкІэ, дэтхэнэ щІэджыдакІуэми, и пыбжьым емыгъэтауэ, дерс кьызыхихьи тхыгъэ куэд кьытохуэ «Адыгэ псалъэм».

СЭ СИ Іэщ1агъэри кьыгуэхьпІэ имыІэу епхащ адыгэбзэм; Щоджэнщ1ыкІу Алий и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым сыщолажьэ, Гъуазджэкъмкіэ Кавказ Ищхъэрэ кьрэал институтым и актер кафедрэр си Іэмыщ1э итьщ, адыгэ студием щеджэ нЫбжьыщІэхэр иэзгъаджэ. Іэнатіэтіым дежи сэ уха6жьу кьыщысхуощхьэпэ «Адыгэ псалъэ» газетыр. Дунейпсо щхьэбзэ ящыбарыщІэхэмри ди республикэм гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ епхауэ щекІуэкІ Іуэхугъуэхэмри абы сыщегъэгъуазэ. Ди тхакІуэ щІэрыІуэхэми тхэн щІэзыдзэгъащІэхэми я Іэдакъэщ1экІэхэр кьыщыстехуэкІэ, зэпкърыхауэ делэжьыныкІэ дэІэпыкъуэгъу хьарзынэ кьытхуохьу.

Сыкъуэгт ди республикэм адыгэбзэкІэ кьыщыдэкІ газет закъуэр н

Иджыблагъэ ди республикэм щыхьэщІащ Тыркум и Къайсэр кьалэм кьнкІа хьэрычэтыщІэ гупышхэу. Хьэщ1эхэр къызытекІуахьар Къэбэрдей-Балькъэрми Тыркуми я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхут. Къащтэмэ, аэр хэпІащ ди республикэм и лъабжьэр щыбгъэтІылъ хьуну экономикэ, щэнхабзэ проект зыбжанэм, сату Іуэхухэм, нэгъуэщІхэми. Абыхэм кьадэкІуэу хьэщІэхэм эрагъэлъагъуащ ди щыналъэм, кьалащхьэм и дахагъэр, кьулеягъыр, цыхьэм яхуэзэащ, ятсэльащ. Къуэш зэхущытыкІэ куэд щІауэ эяку дэль кьалэхэр нэхьри зэгъунэгъу хьуащ.

Кьытхуеблэгъа хьэщІэ 39-м щыщу 20-р адыгэт. Абыхэм яхэтт адэжь щыналъэм зи щыпэкьакІуи, Хьэжьыбгъ зыбжанэрэ кьлихьэжам. «Адыгэ псальэм» и хьэщІэщым кьытхуеблэгъащ Тыркум кьнкІа хьэрычэтыщІэхэу Тохьу Гъыйасирэ КІэрэф Эролрэ.

- **Фи кьакІуэр лъэныкъуэтІми фІы тхуэхьуну Тхъэм жиІэ. ФыхьэщІэу жытІэми, фи адэжь щыналъэ фыкъэкІуэжауэ ара, Дауэ кьыфІуала Хэ-куэжьыр?**

Гъыйасиэ: Хамэщ1 щыпсэу адыгэ псоми ди щІасэщ Хэкуэжьыр. Сэ ятпэу мыбы сыкьыззрыкІуэрэ илъэс 20 мэхъу. А эзманым кьриубыдэу илъэс щІагъуэ дэзгъэкІыркъым махуэ зыбжанэкІэ нэхь мыхьуми адэжь щыналъэм сыщы-мыІэу. КьыззрысщІихьэм ущІэупщІэмэ, си унэ, си лъапсэ, си жьэгу сыкыыдэтІысхьэжауэ кьыззрысфІэщІыж. Сигури си псэри мыбы щымаемащ. Си щІалэр КъБКъУ-м туризмэрэ сервисымрэ я факультетым щоджэ. Ар зыщыпсэу унэр Нэгумэм и уэрамым тетщи, абы и деж сыкъыщоувыІэ. Ди гуптэщ Налшык къыщІэкІыжтыщхуэ зэрэдэтыр. Абы докІуэри Тхъэм шыкур худощІ ди щыналъэр тфІэмыкІуэду дыкъыщэрихьэжамкІэ. Ди лъэр Къэбэрдейм зэрыщыІэгдгъэувэу, «уэху, дыкъэжьэжащ» жыІоІэ.

Нэхъапэм жаІэрт, урысыбзэр умыщІэмэ, Налшык щыщІыгъуэщІэну. Абыи селІэлакъым, гугъу сригъэхьакъым. Зыщ1ыпІэ си закъуэ сыкІуэн хуей хьурэ гум (автобусым, машинэм - **Ж.М.**) ситІысхьэн хуей щыхьумэ, адыгэбзэкІэ сыщІэупщІэурэ псори тэрэзу зэрэІэкІащ. Бзэм лъэпкъым и дежкІэ иІэ мыхьэнэм и инагъым иджыри зэ сегуптысыкащ. Анэзэдэлъхубзэр тфІэмыкІуэду псоми тІурылъмэ, дэнэ дыщыІэми, зэи дызэрфІэкІуэдынукъым.

Эрол: Си ныбжьэгъуэм кьыщхьэщыкІыу сэ Хэкуэжьым си щытэкьакІуэщ. Си гум щыхьэмрэ си псэм щыщІэмрэ псальэкІэ къэІуэтэгъуейщ. Адэжь щыналъэм и щІыуэпсри сфІэдахрэм, и хьэуари сфІэкьабзэщ, ипсри сфІэІэфІщ, и щІыхьэри сфІэІэгуапащ. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ Къэбэрдейм къэкІуэжа Іутпыж Мэжид, мы си ныбжьэгъу Гъыйасиэ сымэ си бысымы мы махуэхэм куэд сагъэзыгъэуащ, зэхэсыщІыгъэ щІыгъуэ. Ар ерыкъэрауІ, щыбгъэтынур. Мыр дуней жэнэтыр здэсщІыщІ, иужькІэ тренер нэхъыщхьэри сылэжьащ. Лэжьыгъэм и кьыззэгъэпэщыкІэм теухуауэ футбол клубым и тхьэмадэхэм жаІэр сфІэзахуэтэнкъыми, кьудэрэ сапэщІэ увэрт. Абы щхьэкІэ «мыр щэрджэсщ, идэнукъым» кьыскужаІэу щытащ. Си кьуэшымрэ малъхьэмрэ ухуэныгъэм хэттт, сэри футболыр Іэщыб сщІа нэужь, абыхэм сахьыхащ.

Зыкьомрэ Къайсэр дыдэсащ. ЖыпІэнурамэ, Къайсэр кьалэр бизнескІэ хуабжу зызыужьа кьалэщ. Иджы илъэс 20 хьуауэ Анкара кьалэм дыдэсщ. Унащхьэ телъхьэным, ухуэныгъэм долэжь. Германиеми ди кьудамэ кьыщыззэдгъэпэщащ. Апхуэдэ Іуэхуэхэм мы республикэмэ зыщедгъэубгъуну ди мурадщ. Экономикэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлІа нэгъуэщІ зэгурыІуэныгъэхэри зэрауХылІащ Къайсэр кьыкІа гупым и пашэ, Къайсэр кьалэм и Іэтащхьэ Охэасеи Мехметрэ КъБР-м и унафэщІхэмрэ. Абыхэм кьэралитІми фейдэшхуэ кьаухуихьну ди гугъэщ.

Бизнес Іуэхуэхэм кьадэкІуэу, лъэпкъ Іуэхуми сыхолэжьыхь. Анкара кьалэм и Адыгэ Хасэм и тхьамадэу сыщытащ, тхьэмадэм и кьуэдзэуи сылэжьащ. Тыркум щыІэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэми сыхэтщ.

Эрол: Сэри Къайсэр кьалэм сыщыщІэ. Си адэм и адэжьыр КІэрэф Мэжидщ, абы и адэжьыр Исльамащ. Дэ нэхъ ижьыбуэкІэ Тыркум Іэпхъуэхэм дащыщІ. Илъэс 1ІощІитІкІэ нэхъ пуВауэ дыкІуащ хамэщІым. Адыгэхэр нэхьыбэу зыдэс Къайсэр вилайетым хиу-быдэ Жаныкьуей кьуажэм дыдэтІысхьащ. Унагъуэ 70-м нэс а зы жылэм щопсэу.

Къайсэр сикІри Анкара сыщеджэну сыкІуати, абы сыкъыщынащ. Агроному седжащ, ауэ си Іэщ1агъэм срилэжьакъым. Си кьуэшхэр си гъусэу «Mobil» зэгухьэныгъэ кьызэдгъэпэщауэ, ар ди унеи ІуэхуцапІэу дыщолажьэ. Анкара адыгэхэр дыщызэхэхьэрэ бзэм, хабзэм долэжь, ахэр хамэщІ щыпсэу адыгэхэм зэрафІэмыкІуэдыжьым дыкьущокІу. Анкара Адыгэ Хасэм и тхьамадэу ильэситІ пІалъэкІэ сыхахауэ солажьэ. ГуфІэгъуэм, нэщхьеягъуэм япщІа, апхуэдэу ди нэгъуэщІ льэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэмрэ бзэмрэ хьуэным щелэжьу адыгэ клуб кьыззэдгъэпэщащ. Илъэс 22-рэ хьуауэ лажьэ а зэгухьэныгъэм цІыху куэд кьокІуалІэ, адыгэпсэ защІэу.

Іуэхуэзехьэ гупым сахэту сыкІэкІуа щхьэкІэ, сэ нэхьыбэу си мурадыр адэжь щІыналъэр зэрэгъэцІыхуныкъщ, зэрэгъэлъагъуныкъ. Мыбы си нэгум щыщІэкІ псори сыкІуэжмэ сипхъу закъуэ Гезем, адрейуэ си кьуэш-си благъэхэм яхуэсІуэтэжьынущ. Хьыджэбзри щІэхьэупсыпрт Къэбэрдейм кьэкІуэну, арщхьэкІэ Тырк умрэ Бельгиемрэ я студентхэмкІэ зэхьэуэрэти, абы кІуащ пІалъэкІэ щІэІэну. Абы щыІэ Адыгэ Хасэм йожуалІэ, ди лъэпкъэгъу хэр кьитГуэтыжауэ, и Іуэху тэмэму щІэІэщ.

- **Уи унагъуэри дыбгъэцІыхуамэ, ди гуапэ хуэпІ Гъыйаси.**

- Си щхьэгъусэ Нэсрин Тыркум и банк нэхьыщхьэм и тхьэмадэхэм яхэту мэлажьэ. Ар Чылархэ япхъуэ. Ари кьэкІуэжащ Хэкуэжьым, и благъэхэри кьэдгъэуэтыжащ. ЗэрыжысІащ, ди кьуэ закъуэр адэжь щыналъэм щыІэу щІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ зрегъэгъуэт. Унагъуэм исыр дыІэрыІээпсальэр адыгэбзэщ. Адыгэбзэм, адыгэпсэм, адыгэ Хэкум пыща псори дгъэльапІэу допсэ.

- **Тыркум мыгувэу вгъэзэжьнущ. Зи гугъу хьэщІэхуэфщІыжа Іуэхугъуэхэм ямыщІ, нэгъуэщІ зыгуэрхэри гукъинэ фщыхьуа?**

Эрол: Мыбы щыпсэу цІыхухэр кьыззрыгтхуэгуапэр, кьыззрытхуэныкъуэр дэнэкІи кьыщыджаІащ. Уеблэмэ Налшык бззэрым дыщытехьам, ди псэльэкІэмкІэ е нэгъуэщІ зыгуэркІэ, Тхьэм ешІэ, дыкьащыхуащ, дэри тфІэфІу абы тет сатуущІэхэм дадэгуэрщэращ. Кіэрэфхэ сазэрыщыщыр яжесІэри «Нащ щы мыхъур кІэрэф мэхъу» адыгэ псальэжьыр яжесІащ, сыгуШыІэу. Абы и жэуапу нащэ къэрэкъэщ цІыкІу зыкъом тэрэзэм кьысхуэтрикІутат нащэ зыщэ бзыльхугъэм, кьызэдгъушІэжри. Сыт сщІэнт, а цІыкІуэкІэ сэ къэсхащ, Гъыйаси ди дежкІэ зэи щымыІэ адыгэ нащэ бзгуу зыхуэйм хуэдиз кьищхьуну ди дыкьэкІуэжащ.

Апхуэдэу гукъинэ сщы-хьуащ ихуэрегъакІэ щыхьэхэса адыгбзэ дахэр. Ар зыуэ екІуу, щэрыуэу, псоми кьыззщІиубыдэфу щыти, зэхуэдэу си гур хагъэхьащ зэ хэсха хьуЖьуХэмкІ, нэгъуэщІ жыІэгъуэхэмкІ. Мыбы щыІу анэдэлъхубзэ дахэм хуэдэ сэ зэи зыщыІпІи сыщІихьэІІакъым. СыкІуэжми, ар куэдрэ сигу илъынущ.

- **Адыгэ щІыналъэм фи нэгу щыщІэкІахэм ди лъэпкъым ифІ ныззрыкІын Іуэхуэхэр зэрызэфІэфхэн кьаруущІэ кьыфхуихьэну сыбзыкІэ хьуХу. Ди щІэныгъэхэр кьэралитІми - Урысей Федерацэми Тыркуми - яку дэлъын лъэмыкІ быдэ ирехьу.**

Епсэльар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

КъэралитІыр зэпызыщІэ лъэмыж

● «Адыгэ псальэм» и хьэщІэщым

Тохьу Гъыйасирэ КІэрэф Эролрэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

закъыкІэрыдгъэхуауэ зауЛкІэ зыдоІэжь.

- **Хэкуэжьым теухуа хьыбархэр ятпэу сыт щыгъуэ зэхэфха? Мы лъэныкъуэмкІэ щывиІэ лъабжьэхэр кьэвгъуэтыжа?**

Гъыйаси: Хэкуэжьым теуХуа псальэмакьыр сыт хуэдэ адыгэ унагъуэми сыт щыгъуэ ильащ. Ахэр дагъэтІысу щхьэхуэу зэ кьыджаІэу, итІанэ щагъэтхьку щыттэкьым. Ди адэшхуэхэм я гъусэхэм жраІэ, езыхэм зэхуаІуатэ хуэдэуурэ зэрэ дыщІагъэзэІурт, ахэр зыщІэс хьэщІэлурыщхуэ ерыскъы тхьыуэ дыщыщІыхьэ эззэмыІэм. СощІэж, Тхьэзэплъ Фозий жари си кьуэш нэхьыжь Іумит зы ныбжьэгъу иІэти (и ахьрэтэщ нэхУ Тхьэм ищІ), а тІур Хэкуэжьым кьаКІуэн хуей нэкІуэжа нэужь, хуабжьу сехьуапсэрт, уфыІэгъуэ симыІэуи жезгъэІэжьырт здэщыІам теуХуа сыт хуэдэ хьыбарри. Жэщ псокІэрэ Хэкуэжьхьыбар тІуатэу дыщыщІыщІ. Дэри дыщалхуэ щІыналъэр тлъагъну, абы ди лъэр щытедгъэувэну дыхуеит. ХамэщІ щыпсэ ууэ адыгэу зызырлъыт зи дэтхэнэри абы хущІокІу. АдыгэщІыр я псэм хэлъу, хуБэзр тхыдэр я лъым хэту, я гур мыбыкІэ кьеІэу мэпсэу. Ѳрэдым зэрыхэтщи, ди лыр абы щыІэми, кьупщхьэр Кьэбэрдейм ейщ, псэр мыбыкІэ щыІэщ. Хэкуэжьым си щытэкьакІуэщ.

Хэкум пыща сызэрыхуурэ, си гум ямы дихужащ. СыкІуэжа нэужь, дэ дызэщІэхуэпсу щыта хьыбархэм хуэдэ куэдым яхуэсІуатэ. «МыбыкІэ зы хэпІпхьэрэ тІу кьуитІыжмэ, тфІэбэлыхьщ - абыкІэ баш щІым хэпТэмэ, жыг мэхъу», - яжьдоІэ, Ар пэжщ. Мы щхьэгъубжэм удэпІлъу пІьагъу щхьэпІагъэ тІэкІум ягъуэзщ абы зэрыкъэрауІу щыбгъэтынур. Мыр дуней жэнэтыр здэщыІэ щІыпІэу кьыдолъытэ.

Ди кьуэпсэрэи мыбыкІэ кьыщыІэгъуэтыжащ. Дэ лъэпкъкІэ Анзорей дыщыщІ. Си адэжьуэ Хьэжькумар и адэ щыпхъу Кьэзибан и гъусэу Тыркум Іэпхъуэуэ щытащ. Дэ абы дыкьытехьукІыжащ. Ахэр хуэсІуэтащ ди унэкьуащхэм щІыщу кьэзгъуэтыжа Тохьу Гъыйасирэ. Абы щрихьэщІащ, кьуажэми сишэри ди унэ-лъапсэр здэщытауэ хуагъэфащэ щІыпІэхэр сигъэльэгъуащ.

Эрол: «Хэкуэ» псальэр ди тхьэкІумэм ит зэпытуГ дыкъэхьауащ. Уеблэмэ фызэхэр бгэмэ, «Уи унагъуэр Хэкуэжь ухъу», - жаІэрт, кьикІыр тщІэртэкьым. Ауэ иужькІэ кьыдгуІуриІуащ абы щІэль мыхьэрэ: Хэкуэжьым кьихьуа бэлыхьыщ ирагъапщэу арат. Ди лъэпкъым и ныкъуэр мыбы кьыззэрынари кьэтщІащ. Ди нэхьыжьхэм я нэри, я псэри мыбыкІэ щыІэу. ЛІэжащ. ЗэрыжаІэжьмкІэ, унэм и пкъыр яуХуэрти, и щхьэр трамылъкъэу кьагъанэрт, «Апхуэдизэрэ мыбы дыщыІэнукъым дэ» жаІэрти. Бжьыкъэ хуэмэ, «Гъатхэм дыкІуэжьынущ, щхьэр щІым хэтэсн хуэдэу», - жаІэрт... АрщхьэкІэ гъатхэ дапщэ кІуа абы льандгрэ?.. Ди натІэм кьритха кьыщІэкІынт апхуэдэ бэлыхь льэпкъым дгъэвынУ. Куэд я фэ дэкІащ, ауэ ди натІэм кьритхахэм ящыщ кьыщІэкІынт дыззрыхэ-мыкІуэдэ жыпхуи, Тхьэм фІыщІэ худощІ. Ди кьуэпсэр мыбы щытхуэзыхьумахэм фІыщІэ яхудощІ.

МыбыкІэ ди лъабжьэр кьыздикІам утепсэльыхьмэ, дэ ЩхьэлыкъуэдэсКІэрэфхэм дащыщІ. Абы иКІри ди унагъуэ зыбжанэ ТэрчкІэ Іэпхъуэуэ щытащ. Иужьыдэ Адыгеймк и Хуэдз жьІэмри нэсащ ди кьуэпсыр. Араш ильэсищэ зауэм щыгъуэ ди нэхъыжьхэр здиІэпхъуэкІауэ щытар.

- **Фыщыпсэу щІыпІэм сытхэм фыщелэжьырэ? А Іуэхуэхэм мыбыкІэ зыщеГъуэбгъуну фи мурад?**

Гъыйаси: Сэ и ильэс 20-кІэ топджэгум сых этащ, гупым я капитануи сыщытащ, иужькІэ тренер нэхъыщхьэри сылэжьащ. Лэжьыгъэм и кьыззэгъэпэщыкІэм теухуауэ футбол клубым и тхьэмадэхэм жаІэр сфІэзахуэтэнкъыми, кьудэрэ сапэщІэ увэрт. Абы щхьэкІэ «мыр щэрджэсщ, идэнукъым» кьыскужаІэу щытащ. Си кьуэшымрэ малъхьэмрэ ухуэныгъэм хэттт, сэри футболыр Іэщыб сщІа нэужь, абыхэм сахьыхащ.

Зыкьомрэ Къайсэр дыдэсащ. ЖыпІэнурамэ, Къайсэр кьалэр бизнескІэ хуабжу зызыужьа кьалэщ. Иджы илъэс 20 хьуауэ Анкара кьалэм дыдэсщ. Унащхьэ телъхьэным, ухуэныгъэм долэжь. Германиеми ди кьудамэ кьыщыззэдгъэпэщащ. Апхуэдэ Іуэхуэхэм мы республикэмэ зыщедгъэубгъуну ди мурадщ. Экономикэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлІа нэгъуэщІ зэгурыІуэныгъэхэри зэрауХылІащ Къайсэр кьыкІа гупым и пашэ, Къайсэр кьалэм и Іэтащхьэ Охэасеи Мехметрэ КъБР-м и унафэщІхэмрэ. Абыхэм кьэралитІми фейдэшхуэ кьаухуихьну ди гугъэщ.

Бизнес Іуэхуэхэм кьадэкІуэу, лъэпкъ Іуэхуми сыхолэжьыхь. Анкара кьалэм и Адыгэ Хасэм и тхьамадэу сыщытащ, тхьэмадэм и кьуэдзэуи сылэжьащ. Тыркум щыІэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэми сыхэтщ.

Эрол: Сэри Къайсэр кьалэм сыщыщІэ. Си адэм и адэжьыр КІэрэф Мэжидщ, абы и адэжьыр Исльамащ. Дэ нэхъ ижьыбуэкІэ Тыркум Іэпхъуэхэм дащыщІ. Илъэс 1ІощІитІкІэ нэхъ пуВауэ дыкІуащ хамэщІым. Адыгэхэр нэхьыбэу зыдэс Къайсэр вилайетым хиубыдэ Жаныкьуей кьуажэм дыдэтІысхьащ. Унагъуэ 70-м нэс а зы жылэм щопсэу.

Къайсэр сикІри Анкара сыщеджэну сыкІуати, абы сыкъыщынащ. Агроному седжащ, ауэ си Іэщ1агъэм срилэжьакъым. Си кьуэшхэр си гъусэу «Mobil» зэгухьэныгъэ кьызэдгъэпэщауэ, ар ди унеи ІуэхуцапІэу дыщолажьэ. Анкара адыгэхэр дыщызэхэхьэрэ бзэм, хабзэм долэжь, ахэр хамэщІ щыпсэу адыгэхэм зэрафІэмыкІуэдыжьым дыкьущокІу. Анкара Адыгэ Хасэм и тхьамадэу ильэситІ пІалъэкІэ сыхахауэ солажьэ. ГуфІэгъуэм, нэщхьеягъуэм япщІа, апхуэдэу ди нэгъуэщІ льэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэмрэ бзэмрэ хьуэным щелэжьу адыгэ клуб кьыззэдгъэпэщащ. Илъэс 22-рэ хьуауэ лажьэ а зэгухьэныгъэм цІыху куэд кьокІуалІэ, адыгэпсэ защІэу.

Іуэхуэзехьэ гупым сахэту сыкІэкІуа щхьэкІэ, сэ нэхьыбэу си мурадыр адэжь щІыналъэр зэрэгъэцІыхуныкъщ, зэрэгъэлъагъуныкъ. Мыбы си нэгум щыщІэкІ псори сыкІуэжмэ сипхъу закъуэ Гезем, адрейуэ си кьуэш-си благъэхэм яхуэсІуэтэжьынущ. Хьыджэбзри щІэхьэупсыпрт Къэбэрдейм кьэкІуэну, арщхьэкІэ Тырк умрэ Бельгиемрэ я студентхэмкІэ зэхьэуэрэти, абы кІуащ пІалъэкІэ щІэІэну. Абы щыІэ Адыгэ Хасэм йожуалІэ, ди лъэпкъэгъу хэр кьитГуэтыжауэ, и Іуэху тэмэму щІэІэщ.

- **Уи унагъуэри дыбгъэцІыхуамэ, ди гуапэ хуэпІ Гъыйаси.**

- Си щхьэгъусэ Нэсрин Тыркум и банк нэхьыщхьэм и тхьэмадэхэм яхэту мэлажьэ. Ар Чылархэ япхъуэ. Ари кьэкІуэжащ Хэкуэжьым, и благъэхэри кьэдгъэуэтыжащ. ЗэрыжысІащ, ди кьуэ закъуэр адэжь щІыналъэм щыІэу щІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ зрегъэгъуэт. Унагъуэм исыр дыІэрыІээпсальэр адыгэбзэщ. Адыгэбзэм, адыгэпсэм, адыгэ Хэкум пыща псори дгъэльапІэу допсэ.

- **Тыркум мыгувэу вгъэзэжьнущ. Зи гугъу хьэщІэхуэфщІыжа Іуэхугъуэхэм ямыщІ, нэгъуэщІ зыгуэрхэри гукъинэ фщыхьуа?**

Эрол: Мыбы щыпсэу цІыхухэр кьыззрыгтхуэгуапэр, кьыззрытхуэныкъуэр дэнэкІи кьыщыджаІащ. Уеблэмэ Налшык бззэрым дыщытехьам, ди псэльэкІэмкІэ е нэгъуэщІ зыгуэркІэ, Тхьэм ешІэ, дыкьащыхуащ, дэри тфІэфІу абы тет сатуущІэхэм дадэгуэрщэращ. КІэрэфхэ сазэрыщыщыр яжесІэри «Нащ щы мыхъур кІэрэф мэхъу» адыгэ псальэжьыр яжесІащ, сыгуШыІэу. Абы и жэуапу нащэ кьэрэкъэщ цІыкІу зыкъом тэрэзэм кьысхуэтрикІутат нащэ зыщэ бзыльхугъэм, кьызэдгъушІэжри. Сыт сщІэнт, а цІыкІуэкІэ сэ къэсхащ, Гъыйаси ди дежкІэ зэи щымыІэ адыгэ нащэ бзгуу зыхуэйм хуэдиз кьищхьуну ди дыкьэкІуэжащ.

Апхуэдэу гукъинэ сщыхьуащ ихуэрегъакІэ щыхьэхэса адыгбзэ дахэр. Ар зыуэ екІуу, щэрыуэу, псоми ди кьыззщІиубыдэфу щыти, зэхуэдэу си гур хагъэхьащ зэ хэсха хьуЖьуХэмкІ, нэгъуэщІ жыІэгъуэхэмкІ. Мыбы щыІу анэдэлъхубзэ дахэм хуэдэ сэ зэи зыщыІпІи сыщІихьэІІакъым. СыкІуэжми, ар куэдрэ сигу илъынущ.

- **Адыгэ щІыналъэм фи нэгу щыщІэкІахэм ди лъэпкъым ифІ ныззрыкІын Іуэхуэхэр зэрызэфІэфхэн кьаруущІэ кьыфхуихьэну сыбзыкІэ хьуХу. Ди щІэныгъэхэр кьэралитІми - Урысей Федерацэми Тыркуми - яку дэлъын лъэмыкІ быдэ ирехьу.**

Епсэльар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэр

Темыркъан Юрэ илъэс 60 щрикъу махуэр Санкт-Петербург щагъэлъапІэ.
1998 гъэ, дыгъэгъазэм и 10.

Анэ гумащІэ, лэжьакІуэ емызэщ

● Унагъуэм и илъэс

ДИ КЪУАЖЭГЪУ бзыльхугъэ гуакІуэ, бынийм я анэ Іумахуэ икІи лэжьакІуэ емызэщ Щад Мотэ Іуэлэдин и пхъур фэзгъэщІыхун мурадкІэ кьалэмыр къэсщтащ.

ГъащІэ-псыдзэм и уэрыпІэм кьимыгъэжыщІэу пэщІэтыф дэтхэнэ щІыхьми пщІэрэ щІыхьэ хуэфащэщ, щапхъэ адрейхэм яхубощІыф, махуэ кьэс яжумыІэфми, апхуэдэ щІыхьэм я дуней тетыкІэмрэ я Іуэхущафэхэмрэ урогушхуэ. Куэдым къаХуихуэрыкьым анэми, лэжьыгъэми, унагъуэ хуэфащэм, жылагъуэ Іуэ хуэхми зэхуэдэу хэ зэгъэнаир, уэ зи гугъу фхуэсщІ бзылъхугъэ гуащІафІэр ящыщщ сыт хуэдэ Іуэхукіи къэмыланджэхэм.

Кьэбэрдей-Балькъэрым и мызакьуэу, Нигуыкьи Шэщэн и фІыуэ кьыщащІыхуу, пщІэ зиІэ, хабзэшхуэ зыхэлъ Джатэгъэжь лъэпкъым 1948 гъэм кьахэхъуа Мотя и сабингъэр тыншакъым, пасэу адэншэу кьэнати. ЩІалащэу фызабзу кьэна и анэ Кіушэ, абы щыгъуэ зэрыхабзэр арати, и Іыхьлъхэм кьуэдзэ щапхъэгъуэ лІы иратыжащ. Хьыджэбз щыкІыр и анэшым, Албэрдыкъэ Хьэмытпэрэ Нэгуіэрэ, яПІащ, ягъэсащ, унагъуэ щхьэхуэу ягъэтІылъсыжащ. КьыхэгъэщІпхъэщ, и анэр нэгъуэщІым зэрыдэкІуэжам Мотя и сабингъуэр фагъуэ щІэхьуКІами, ноБэ анэжьитІу гумащІэу зэдэлъхуэзэщІпхъэнрбІ кьыхэзэрыкъуэтыр, ахэр гурыфІыгъэщхуэу зэриІэр.

Зауэ нэужь илъэсхэм хиубыда сабинйуэ хэт а лъэхъэнэм гугъу емыхьар? Мо ти абыхэм яхуэдт, пасэу лэжьыгъэр игъэнэжащ, школьм зэрыщеджэм хуэдэуурэ губгъуэ лэжьыгъэ пщэрыль кьыщащІым зыщідзекяхьм, и гуащІэ зыпІэзэщри зыпэмыльэщри кьрихьэлІащ. Ауэ, сыт хуэдэу щытми, хьыджэбз щыкІым и псэр еджэным етат, щІэныгъэм хуэпабгъэрти, жылагъуэ Іуэхуэхэри комсомол лэжьыгъэри дзыхь кьыхуащІырт. А псор абы кьыхуэщхьэпэжащ баГнгъ хЬуа нэужьы.

Фы дыдэу кьуажэ школыр 1966 гъэм кьэзыхуа хьыджэбзым и насыпп кьрихьэкІакъым и щІэныгъэ щыпищэн еджапІэ а гъэ дыдэм щІэтІысхьэну, ауэ Іуэху зэфІэгъэкІрэ жьыджэрагьыу хэтъым кьуажэ унафэщІхэм гу кьыІьатати, ИнарыкІуей кьуажэм щыІэхэта «Багъуэ Пльыжь» колхозым и тхьэмадэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Пэнагуэ Азэмэтджэрий Жэрэ и кьуэм секретару, лэжьакІуэ кадр хэмкІэ кьудамэм и кьалэнхэр игъэзащІэу Іэнатіэ кьрет. Абдеж щеГъэжьауэ Мотя хэтащ колхоз лэжьыгъэмрэ жылагъуэ Іуэхуэмрэ. Кьуажэ советым и депутату мызэ-мытІэу хахащ, инарыкъуейдэс бзылъхугъэхэм я советым и унафэщІу идрэн Беслъэн. Илъэс куэд щІауэ Беслъэн самбэм зыщІыхуегъаСэу Ущхъун СультІан и деж, ауэ и хьэупсапІэт дэюдом щыбэнэну. ХуэзэфІэкІым еІлпыну. Иджыблагъэ кеІуэКІа урысей чемпионатым абы и хьэупсапІэр кьыщехьулІащ - щыбэна хьэльагъым зыри кьыщІэпІэзэщІакъым. Мудрэным и Іэсакіуэхэм зэрыжаІэмкІэ, щІалэм нэхъ екъуІэныгъэщхуэжкІэ щогугъ - Лондон щекІуэкІыну Олимпиадэми текІуэныгъэ кьыщихьыну.

Быф Анатолэ пшыхьэр зыхухаХам ахъшэ саугъэт иратащ. Саугъэт лъапІэкІэ Мудрэным хуэупсащ районым спортым зыщІыжьыным хэпхьэныкъ зыхэзыщІ хуэзыщІ, КъБР-м и Парламентым и депутат, Бахъсэн ДРСУ-м и унафэщІ Щауэ Юрэ.

ЗэІуущІэм кьыщІепсэльа АфІэунэ Аслъэн Беслъэн и текІуэныгъэмкІэ чемпионым и гъусэу зы пэшым зыщІыгъаСэ спортсменхэми ехьэхъуащ икІи я нЬжьжьгъум и текІуэныгъэм хуэдэ куэд кьахьмэ зэрригуапэр жиІащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Дзюдо

Мудрэн Беслъэн ягъэлъапІэ

Иджыблагъэ Бахъсэн кьалэм самбэмкІэ и пэ-шым гуфІэгъуэ зэІущІэ щекІуэ-кІащ. Абы щагъэлъапІащ 2008 гъэм УФ-м дзюдомкІэ и чемпион хуэ Мудрэн Беслъэн.

И ЛЪЭПКЪЭГУМи текІуэныгъэр даІэтыну, дагъэлъэпІэну пшыхьмрэ кьеКІуэлІ КъБР-м и туризмэкІэ спортымкІэ и министр **АфІэунэ Аслъэн**, Бахъсэн кьалэ администрацэм и унафэщІ **Быф Анатолэ**, дзюдом щыщІорыІуэ спортсменэр, щІалэм и ныбжьэгъуэхэмрэ и Іыхьлыхэмрэ.

Бахъсэн районым и тхыдэм щыяпэу олимп спорт лІэужьыгъуэмкІэ, Урысейм нэхъ пщІэшхуэ щызэІэхэм ящыщ зымкІэ, я щІалэм и чемпион хуэдэ Бахъсэн самбэм зыщІыхуегъаСэ Ущхъун СультІан и деж, ауэ и хьэупсапІэт дэюдом щыбэнэну. ХуэзэфІэкІым еІлпыну. Иджыблагъэ кеІуэКІа урысей чемпионатым абы и хьэупсапІэр кьыщехьулІащ - щыбэна хьэльагъым зыри кьыщІэпІэзэщІакъым. Мудрэным и Іэсакіуэхэм зэрыжаІэмкІэ, щІалэм нэхъ екъуІэныгъэщхуэжкІэ щогугъ - Лондон щекІуэкІыну Олимпиадэми текІуэныгъэ кьыщихьыну.

Быф Анатолэ пшыхьэр зыхухаХам ахъшэ саугъэт иратащ. Саугъэт лъапІэкІэ Мудрэным хуэупсащ районым спортым зыщІыжьыным хэпхьэныкъ зыхэзыщІ хуэзыщІ, КъБР-м и Парламентым и депутат, Бахъсэн ДРСУ-м и унафэщІ Щауэ Юрэ.

ЗэІуущІэм кьыщІепсэльа АфІэунэ Аслъэн Беслъэн и текІуэныгъэмкІэ чемпионым и гъусэу зы пэшым зыщІыгъаСэ спортсменхэми ехьэхъуащ икІи я нЬжьжьгъум и текІуэныгъэм хуэдэ куэд кьахьмэ зэрригуапэр жиІащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Зэпеуэ

ЩІалэгъуалэ зэчиифІэр дэІыгъын

**УФ-м хьыхъ щІыналъэхэм я кьэрал властымрэ УФ-м и Федералнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэмрэ зэрызэдлажьэ и лъабжьэу, КъБР-ми Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, Щ1ыпІэгъэмкІэ, ушыныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетымрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ жьыдэ-ру даІыгъ «Сэ хабзэм щІуэ хлъхьапхъэу къэслыгъ» ЕплІанэ урысейпсо зэпеуэр егъэкІуэкІыныр. Ар 2008 гъэм и зэпеуэм и 2009 гъэм и накьыгъэр нухьыу екІуэкІынущ. Зэхьэзэхуэм и кьыззгъэпэщыкІ егъэкІуэкІынри я пщэ ильащ Къэрал Думэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетымрэ Урысейм и щІэныгъэлэжьмкІэ, творчествэ и лъныкъуэкІэ зегъэужьыным хущІэкъу «Интеграция» урысейпсо жьыдагъуэ зэгухьэныгъэмрэ.

АБы хэт хьунущ еджапІэхэм щІэс, щІэныгъэ Іуэхущапі-эхэм щылажьэ щІалэгъуалэу зи ныбжьыр илъэс 14-м къыщыщІэдзауэ 30-м нэсхэр (школакІуэхэр, студентхэр, аспирантхэр, Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр). Ар Іыхьыщу зэщхьэщыхьуэ екІуэкІынущ. Ятпэ щІыкІэ кьыхахынущ зэпеуэм хэбгъэхь-ху хьуну тхыгъэхэр. ИтІанэ (ар зэпеуэм и етІуанэ Іыхьщ) Урысейпсо утыкум ихьэну зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр ягъэбелджылынущ. Апхуэдэ тхыгъэхэр 2009 гъэм гъатхэпэм и 31 пщІондэ зэпеуэм и КьызэгъэпэщакІуэ комитетым ягъэхьынущ. Абы пашэ щІыхьэхэм я щІэр кьыщІаІуэнущ етІанэрэ и накьыгъэ мазэм Москва щекІуэжІыну Урысейпсо щІалэгъуалэ зэхуэсым.

Зэхьэзэхуэм щытекІуэхэм я лэжьыгъэхэр зэрыт, тхылъхэр кьыдагъэжІынущ. Пашэ хьуахэмрэ абыхэм я щІэныгъэ унафэщІхэмрэ щІыхь тхылъхэр, ахэр хуейм, еджапІэ нэхьыщхьэхэм щыщІэтІысхьэкІэ сэбэн кьахуэхьун дафІэр щхьэхуэхэм иратынущ.

Зэпеуэм хэтыпхъэу кьэфлъытэ лэжьыгъэхэр абы и КІыбзэгъэпэщакІуэ комитетым евгъэхьыну дыныволъэІу. Абы и хэщІапІэр: 129090, Москва кьалэ, Щепкиным и